

TRIBUNAL PREMYE ENSTANS MASSACHUSETTS  
TRIBUNAL JIVENIL  
BIWO ADMINISTRATIF

**TILIV ENFÒMASYON POU PARAN, RESPONSAB LEGAL, AK  
GADYEN LEGAL NAN  
PWOSE POU TIMOUN KI BEZWEN ÈD**

**3 Desanm 2012**

Oumenm oswa yon reprezantan lekòl oswa sèvis pitit ou te fè yon Aplikasyon pou Timoun ki Bezwen Èd (Application for a Child Requiring Assistance). Nan aplikasyon sa a, ou fè konnen timoun nan se yon timoun ki bezwen èd. Tiliv enfòmasyon sa a ap ede ou konprann kisa ki ka rive nan tribinal, kimoun ki ka konsène, ak ki dwa ou genyen kòm yon paran, responsab legal, oswa gadyen legal nan yon pwosè pou Timoun ki Bezwen Èd.

Ou ka gen kesyon konsènan pwosedi tribinal la tiliv sa a pa reponn. Ou dwe mande avoka ou si yon avoka reprezante ou. Ou ka mande grefye yo ki nan biwo Grefye tribinal kote y ap tande pwosè pitit ou. Men, grefye yo pa ka ba ou konsèy legal.

## APLIKASYON AN

Yon pwosè nan tribinal pou Timoun ki Bezwen Èd kòmanse lè ou fè yon Aplikasyon pou yon Timoun ki Bezwen Èd. Yon paran, responsab legal oswa gadyen legal k ap viv avèk timoun nan ka fè yon aplikasyon pou fè konnen ke timoun sa a se::

- **yon Timoun ki Renmen Sove** (Runaway) ki kite lakay paran li, lakay responsab legal li, oswa lakay gadyen legal li souvan;
- **yon Timoun ki Gen Tèt Di** (Stubborn child) ki pa respekte lòd legal ak komann rezonab paran li, responsab legal li oswa gadyen legal li ki nuizib pou posiblite pou pran swen timoun nan;

Yon moun ki reprezante distri lekòl kote pitit ou ye a kapab fè yon aplikasyon ki endike pitit ou se yon:

- **Timoun ki Abitye sote jou Lekòl** (Habitual Truant) ki pa ale lekòl pandan plis pase 8 jou nan yon trimès san yon bon jan eskiz;
- **Residivis nan Lekòl** (Habitual School Offender) ki pa obeyi lòd legal ak lòd rezonab lekòl la;

## AVI

Yon avi Aplikasyon an te klase epi n ap voye dat **Odyans Preliminè** a bay ou, ba pitit ou, bay Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) epitou bay Depatman Sèvis Jèn Moun (Department of Youth Services). Si pitit ou pa prezante nan **Odyans Preliminè** a apre li resevwa avi a, n ap voye yon sitasyon (summons) ba li pou li prezante.

## SITASYON

Si grefye a detèmine pitit ou pa ka vini nan tribinal la apre li resevwa avi pou **Odyans Preliminè** a, grefye a ka voye yon sitasyon pou timoun nan vini nan odyans preliminè a. Y ap voye yon kopi sitasyon an bay paran timoun nan, bay responsab legal li oswa bay gadyen legal li. Y ap voye avi a tou bay paran, responsab legal oswa gadyen legal timoun nan si li pa t fè aplikasyon an.

Si timoun nan pa prezante nan odyans preliminè a apre li resevwa sitasyon an, jij la ka bay yon **Manda Detansyon pou Pwoteksyon** (Warrant of Protective Custody).

## MANDA DETANSYON POU PWOTEKSYON

Yon Manda Detansyon pou Pwoteksyon bay ofisye lapolis lòd pou al chèche pitit ou a pou mennen li nan tribinal la pou yon odyans. Nan odyans lan, jij la ap deside si pou lage pitit ou a ba ou oswa si pou li fè yo kenbe pitit ou a a nan Depatman Timoun ak Fanmi pandan 15 jou. Lòd la ka pwolonje de fwa pou yon total 45 jou. Biwo pwobasyon an ap fè yon ankèt imedyatman pou yon rekòmandasyon pandan Odyans Preliminè a.

## TIMOUN KI GEN ERITAJ AMERIKEN NATIFNATAL

Si oumenm oswa yon manm fanmi ou gen Eritaj Ameriken desandan Endyen oswa Eritaj Ameriken Natifnatal, ou dwe fè biwo Grefye a konnen sa. Tribi a dwe resevwa avi si tribinal la gen entansyon bay lòt moun fè gadyenaj timoun menmsi ou pa dakò.

## ANKÈT IMEDYAT

Yon ofisye pwobasyon ap fè entèvyou avèk ou ak pitit ou konsènan enfòmasyon ki nan aplikasyon an. Ofisye pwobasyon an ap mande ou pou bay enfòmasyon tou konsènan revni ou pou li detèmine si oumenm ak pitit ou se moun ki nan nesosite. Si pitit ou se yon timoun ki nan nesosite, y ap chwazi yon avoka pou reprezante pitit ou nan pwosè a. Si ou se yon moun ki nan nesosite, y ap chwazi yon avoka pou reprezante ou si jij la anvizaje retire timoun sa a nan gadyenaj ou.

## ODYANS PRELIMINÈ

Nan odyans devan tribinal la, ofisye pwobasyon an ap fè yon rekòmandasyon pou si tribinal la ta dwe **Anile Pwosè** a pou mank “rezon valab”, refere timoun nan ak paran’l avek konsantman yo bay yon ofisye pwobasyon pou **Èd Enfòmèl** oswa si tribinal la ta aksepte Aplikasyon pou Timoun ki Bezwen Èd epitou pwograme **Odyans pou Pwouve Akizasyon yo**.

- **Si pwosè a anile**, jij la ap bay yon lòd sipresyon pou egzije grefye a pou detwi tout papye nan dosye tribinal la ki gen pou wè ak pwosè a ak nenpòt dosye ki ka egziste nan Depatman Jistis Kriminèl.

## ÈD ENFÒMÈL

Tribinal la ka decide pi bon fason pou ede pitit ou se pou òdone èd enfòmèl pou pitit ou avèk yon ofisye pwobasyon. Oumenm ak pitit ou dwe dakò pou resevwa èd enfòmèl la. Ofisye pwobasyon an ka voye pitit ou nan yon òganizasyon piblik oswa prive oswa bay yon moun pou pitit ou resevwa sèvis sikyatrik, sèvis sikolojik, sèvis edikasyonèl, sèvis pwofesyonèl, sèvis medikal, sèvis swen dan oswa sèvis sosyal, epi li ka fè kèk reyinyon avèk ou ak pitit ou pou ede rezoud pwoblèm ki te lakòz oumenm oswa distri lekòl la fè aplikasyon an.

Premye referans pou èd enfòmèl la se pou 90 jou. Nan fen 90 jou yo, yo ka retounen avèk pwochè a nan tribinal la pou yon **Odyans Revizyon Èd Enfòmèl**. Yo ka pwolonje èd enfòmèl la pou yon lòt 90 jou si oumenm ak pitit ou dakò. Tribinal la ka anile pwochè a oswa yo ka pwograme li pou yon **Odyans pou Pwouve Akizasyon yo**.

Nan fen dezyèm referans lan, tribinal la ap swa anile pwochè a oswa l ap pwograme **Odyans pou Pwouve Akizasyon yo**. **Si pwochè a anile**, jij la ap bay yon lòd pou sipresyon jan sa dekri anba **“Odyans Preliminè a.”**

Ou pa gen obligasyon pou bay ofisye pwobasyon an okenn papye. Menmsi sa pa obligatwa, li rekòmande pou oumenm ak pitit ou fè yon efò ki valab pou patisipe nan sèvis yo. Si oumenm ak pitit ou pa fè yon efò ki valab pou patisipe nan sèvis ofisye pwobasyon an ofri yo, biwo pwobasyon an ap voye avi pou bay Grefye a k ap pwograme yon Odyans pou Pwouve Akizasyon yo.

## ODYANS POU PWOUVE AKIZASYON YO

Nan odyans sa a, oumenm ak pitit ou gen dwa pou yo tandè nou. Moun ki aplike a ki se moun ki te fè aplikasyon an responsab pou prezante ase prèv pou jij la detèmine san dout rezonab si timoun nan bezwen èd toutbon vre. Nan fen Odyans pou Pwouve Akizasyon yo, jij la ap swa:

- anile pwochè a si prèv ou prezante nan tribinal la pa pwouve san dout rezonab ke pitit ou bezwen èd toutbon vre, oswa
- jwenn pitit ou bezwen èd epi l ap pwograme yon **Konferans** ak yon **Odyans pou Pran yon Dispozisyon**. Kèlkeswa lè li posib, y ap pwograme **Konferans** lan ak **Odyans pou Pran Dispozisyon** an nan menm dat la.

## KONFERANS

**Konferans** lan bay yon okazyon pou oumenm ak pitit ou, ofisye pwobasyon an, yon reprezantan distri lekòl pitit ou, klinisyen, Depatman Timoun ak Fanmi, si yo konsène avèk fanmi ou, ak lòt moun ki idantifye pou bay tribinal la enfòmasyon konsènan pi bon fason pou ede pitit ou. Tout moun ki endike anwo a ap resevwa avi pou dat ak lè Konferans lan.

Ofisye pwobasyon an ap prepare yon rapò alekri pou Konferans lan. Nenpòt nan lòt moun ki envite yo ka prezante yon rapò alekri tou.

## ODYANS POU PRAN DISPOZISYON

Nan Odyans pou Pran Dispozisyon an, jij la ap detèmine ki lòd li dwe bay pou ede pitit ou ki bezwen èd la. Lòd jij la bay yo ka gen ladan:

- Pèmasyon pou timoun nan rete avèk ou selon nenpòt kondisyon ak limit tribinal la ka egzije, ki ka gen ladan aranjman pou timoun nan resevwa sèvis medikal, sikolojik, sèvis sikyatrik, sèvis edikasyonèl ak sèvis sosyal, epi pou yon klinik tribinal la oswa nenpòt òganizasyon piblik oswa prive ki bay sèvis konsèy oswa oryantasyon ak sipèvizyon; oswa
- Mete pitit ou sou responsablite yon manm fanmi oswa Depatman Timoun ak Fanmi selon nenpòt kondisyon ak limit tribinal la ka egzije.

Premye lòd dispozisyon (disposition order) an ap dire 120 jou. Nan fen **Odyans pou Revize Dispozisyon** an, jij la ap revize pwogrè pitit ou fè epi l ap swa anile pwosè a oswa l ap pwolonje lòd la pou 90 jou si jij la jwenn rezon ki endike yo pa t egzekite lòd la, epi pwolongasyon lòd la ta ka jistifye rezon sa yo. Antou, jij la ka pwolonje lòd la twa (3) fwa. Nan pwen sa a, li dwe anile pwosè a. Peryòd total Lòd Dispozisyon an ki gen tout pwolongasyon yo ladan se 390 jou.

## PWOTEKSYON NAN DETANSYON

Yon ofisye aplikasyon lalwa/lapolis ka pran yon timoun nan pwoteksyon nan detansyon si ofisye a gen rezon pou li kwè timoun nan se yon timoun ki sove epi li pa ka reponn nan yon sitasyon pou prezante nan tribinal. Toudabò ofisye a ap eseye mennen timoun nan lakay li, nan yonabri, oswa nan Depatman Timoun ak Fanmi anvan yo mennen timoun sa a nan tribinal.

Lè yo mennen timoun sa a nan tribinal, y ap kontakte ou. **Li enpòtan pou ou fè tout efò posib pou vini nan tribinal la san pèdi tan.** Tribinal la pa gen otorite pou anpeche pitit ou kite tribinal la sof pou mande pitit ou pou li rete tann ou oswa pou li rete tann pwosè li ale devan yon jij. Si pitit ou pa gen yon pwosè pou Timoun ki Bezwen Èd, y ap remèt ou pitit ou.

## **ODYANS POU GADYENAJ POU YON TI TAN**

Si pitit ou gen yon pwose oswa si ou decide fè yon pwose apre yo mennen pitit ou nan tribinal, ou ka gen obligasyon pou ale devan yon jij pou yon Odyans pou Gadyenaj pou yon Ti Tan. Si ou se yon moun ki nan nesosite, tribinal la ap chwazi yon avoka pou reprezante ou nan odyans lan. Jij la ap decide si pou li remèt ou timoun nan oswa si pou fè yo kenbe timoun sa a nan Depatman Timoun ak Fanmi pandan 15 jou. Lòd la ka renouvle de fwa pandan 15 jou chak fwa. Yo ka pa kenbe pitit ou nan Depatman Timoun ak Fanmi pandan pati pwose a pou plis pase 45 jou.

## **DWA PARAN AK RESPONSAB LEGAL YO**

Paran, responsab legal ak gadyen legal timoun nan gen anpil dwa nan yon Pwose pou Timoun ki Bezwen Èd. Men kèk nan dwa ki pi enpòtan yo.

- Ou gen dwa pou patisipe nan tout odyans tribinal la.
- Ou gen dwa pou yon avoka reprezante ou nan nenpòt odyans kote jij la ap anvizaje retire pitit ou nan gadyenaj ou ak lakay ou. Si ou pa gen mwayen pou pran yon avoka, tribinal la ap chwazi yon avoka pou ou.
- Ou gen dwa pou yon entèprèt lang ak/oswa yon entèprèt langaj siy si ou pa ni pale ni konprann Anglè.
- Ou gen dwa pou fè yon lòt tribinal revize desizyon yon jij Tribinal Jivenil pran sou pwose ou.

## DWA PITIT OU

Pitit ou gen menm dwa ou genyen yo nan yon Pwosè pou Timoun ki Bezwen Èd. Answit, pitit ou gen dwa pou yon avoka reprezante li nan tout odyans yo.

Si yo mennen pitit ou nan tribinal anba Pwoteksyon nan Detansyon oswa anba yon Manda Detansyon pou Pwoteksyon oswa si pitit ou prezante nan tribinal pou reponn yon avi, oswa yon sitasyon, yo pa kapab anchennen pitit ou oswa yo pa kapab mete li nan menm fòm restriksyon sa yo oswa yo ka mete li nan selil tribinal la ki anrapò avèk yon pwosè pou Timoun ki Bezwen Èd.

## KESYON MOUN POZE SOUVAN

### **Kimoun k ap patisipe nan odyans tribinal la?**

Pwosè pou timoun ki bezwen èd yo se pwosè ki sekre epi yo fèmen pou piblik la. Paran yo, avoka ki reprezante moun ki konsène yo (moun ki aplike a, timoun nan, Depatman Timoun ak Fanmi), ofisyè pwobasyon an, yon grefye pou pran nòt odyans lan, ak jij la, se tout moun sa yo ki dwe prezan pou odyans tribinal la.

### **Èske pitit mwen ap gen yon avoka?**

Wi. Jij la ap chwazi yon avoka pou reprezante pitit ou. Avoka sa a p ap menm avoka ki reprezante ou. Avoka a ap pale ak pitit ou epi l ap reprezante pitit ou nan tout odyans yo.

### **Èske mwen kapab mande jij la pou anile pwosè a?**

Wi. Ou kapab mande jij la pou anile pwosè a. Pou fè sa, ou dwe fè yon “Mosyon pou Anile Pwosè” (Motion to Dismiss) nan Biwo Grefye yo ki nan tribinal kote y ap tande pwosè a. Fòm nan disponib nan Biwo Grefye yo epi sou sitwèb Tribinal Jivenil.

### **Kisa Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) ye?**

Depatman Timoun ak Fanmi Massachusetts se ajans eta a pou pwoteksyon timoun.



## Dat tribinal

- Ekri tout dat tribinal la ak kote odyans yo pwograme pou fèt.
- Ou gen responsablite pou konnen kilè y ap fè odyans yo epi pou vini nan tribinal la pou patisipe nan odyans yo.
- Li enpòtan pou swiv dat odyans yo paske ou ka pa resevwa avi alekri pou odyans yo apre premye fwa yo tande pwosè ou.

### ODYANS PRELIMINE

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU ÈD ENFOMEL

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### REVIZYON ÈD ENFOMEL

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU GADYENAJ POU YON TI TAN

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU GADYENAJ POU YON TI TAN

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU PWOUE AKIZASYON YO

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### KONFERANS

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU PRAN DISPOZISYON

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU REVIZE DISPOZISYON

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU REVIZE DISPOZISYON

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

### ODYANS POU REVIZE DISPOZISYON

Dat la: \_\_\_\_\_

Kote a: \_\_\_\_\_

Lè a: \_\_\_\_\_

**Non enpòtan, adrès ak  
Nimewo telefòn**

**NON TRIBINAL LA**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

**OFISYE PWOBASYON**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

**DEPATMAN TIMOUN AK FANMI  
TRAVAYÈ SOSYAL**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

**NON**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

**AVOKA OU**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

**AVOKA TIMOUN NAN**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

**NON**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

**NON**

\_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_

